

BAB II

TATAPAKAN TIORI SENI BANGRÉNG, PANALUNGTIKAN SAMÉMÉHNA, JEUNG RARAGA MIKIR

Dina ieu bab dipedar tilu hal anu patali jeung tiori-tiori seni bangréng, panalungtikan saméméhna, jeung raraga mikir.

2.1 Tatapakan Tiori Seni Bangréng

Bangréng mangrupa kasenian tradisional nu mimiti aya di di Kacamatan Tanjungkerta Kabupatén Sumedang. Kecap bangréng asalna tina dua engang “*bang*” jeung “*reng*”, nu masing-masing mangrupa akronim tina kecap “*terebang*” jeung “*ronggéng*” (Énsiklopédia Musik, jilid I, 1992, kc, 223). Terebang mangrupa instrumén musik nu dijieun tina kulit munding atawa kulit sapi. Ieu alat musik téh dimaénkeun ku cara ditabeuh. Sedengkeun rupana nyaéta buleud nu kurang leuwih diaméterna 60 cm (Hidayana, 2020, kc, 24). Saupama ditilik terebang miboga rupa nu sarua jeung rebana, atawa alat musik nu remen dipaké dina kasenian kosidahan. Anapon dina prak-prakanana kasenian bangréng ogé ngagunakeun goong jeung gendang, tapi alat musik utamana nyaéta terebang.

Kasenian terebang ieu kawitna dipaké pikeun media dakwah Islam, dina ieu kasenian, ayana pupujian nu dihaleuangkeun. Ieu kasenian miboga daya mistis nu kuat, ku kituna sok digelarkeun dina raraga ngaruwat jagat, boh sunatan. Hartina kasenian ieu lahir tina kasenian nu geus aya saméméhna. Nurutkeun Rohana (dina Intani, 2018, kc, 83) gumelarna bangréng ngaliwatan dua période, période kahiji nyaéta taun 1550-an nyaéta diawalan ku kasenian terebang. Dina kamekaranana kasenian terebang kurang ngirut masarakat sabab unsur hiburan dina ieu kasenian dianggep kurang. Ku kituna, laju kasenian terebang ieu mekar kana période gembyung (période kadua) anu lumangsung kurang leuwih taun 1956. Tug nepi taun 1968 kasenian gembyung ngalaman parobahan jadi kasenian bangréng. Anapon prosés parobahan ti période gembyung kana bangréng dilakonan kalayan nambahan waditra jeung kawih-kawihna, lian ti éta ogé aya parobahan dina unsur pidanganana (Suliasih, 1996, kc, 28).

Yanti Tianawati_2024

KASENIAN BANGRÉNG DI KACAMATAN CILAWU KABUPATÉN GARUT (Ulukan Struktural, Sémiotik, jeung Étnopédagogi)

Universitas Pendidikan Indonesia | repositori.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Saupama ditilik, kasenian terebang miboga dua unsur nu penting nyaéta seni vokal, jeung seni gerak (gestur). Kasenian terebang ieu teu bisa ditampilkeun sacara individu. Hartina kasenian terbang mikabutuh personil pikeun ditampilkeun dihareupeun balaréa. Salian ti kitu ogé, kasenian terebang dipasieup ku sababaraha alat jeung bahan salian ti alat musik terebangna éta sorangan. Ku kituna, dina ieu bab dibahas alat jeung kelengkapan, anu satuluyna alat dimaksudkeun kana alat musik terebangna éta sorangan, sedengkeun kalengkapan ngawengku kana bahan-bahan nu dipaké dina prakna kasenian terebang.

2.1.1 Konsép Seni jeung Kasenian

Seni mangrupa hasil tina bakat manusa, manusa jeung kasenian moal bisa dipisahkeun. Ieu hal lantaran kasenian mangrupa wujud tina gagasan jeung perasaan nu moal mumpang ti masarakat, katut digedékeun ngaliwatan kabudayaan. Nurutkeun Umar Kayam (1981:kc, 36-39) yén masyarakat mangrupa payanggah kabudayaan. Sedengkeun kasenian nyaéta patali jeung daya cipta, méré peluang jeung gerak. Kasenian ogé bisa dihartikeun kana wadah éksprési manusa nu ngandung kaéndahan. Kasenian nyaéta hasil tina kamampuh jeung kagiatan rasa manusa.

Seni asalna tina basa Latin “*art*” anu hartina *skill* atawa kamahéran. Dina harti anu jembar, seni mangrupa alat pikeun numuwuhkeun élmu pangaweruh jeung peradaban manusa dina nyiptakeun hiji hal (Liliweri, 2015, kc. 76). Seni nurutkeun Tolstoi dina (Sumardjo, 2000, kc. 98) nya éta perkara anu lain ngan saukur méré kaéndahan nu sampurna, méré kabagjaan jeung méré rasa puas pikeun manusa, tapi seni bisa ngajieun manusa jadi sampurna salaku manusa. Tolstoi miboga anggapan yén seni tina segi seniman nya éta éksprési seukeutna seniman. Ku kituna, naon nu dianggap seni dipandang tina eusi jiwa senimanna.

Oxford English Dictionary (Liliweri, 2015: kc. 97) ngajéntrékeun kasenian téh nya éta rupa-rupa kalakuan manusa jeung hasil kagiatan manusa, misalna seni visual (gambar atawa objék), lukisan, patung, seni grafis, fotograf, jeung média visual. Seni ogé ngawengku sora, téater, film, tari, jeung pintonan séjénna. Kecap kasenian miboga wangenan anu lega jeung béda-béda. Wangenan anu disebutkeun

ilaharna leuwih beurat kana sisi tioritis jeung filosofis. Herbert Read dina (Kartika, 2004, kc. 90) nétélakeun yén seni mangrupa usaha manusa pikeun nyieun wangun-wangun anu matak bisa ngabagjakeun dirina.

Seni mangrupa kréasi wangun simbolis tina parasaan manusa. Éta wangun mangrupa hasil tina pangalaman dina karya senina, anu dumasar kana pangalaman émosina. Ditilik tina carana, kasenian dibagi jadi dua (kartika, 2004, Kc. 87), nya éta:

- a. Seni rupa nya éta kasenian anu cara dilenyapan ku manusa ngagunakeun panon; jeung
- b. Seni sora nya éta kasenian anu cara dilenyapan ku manusa ngagunakeun ceuli.

Dina prak-prakanna, seni rupa miboga sababaraha conto, di antarana: seni patung, seni *réliéf* (kaasup seni ukir), seni lukis atawa gambar, jeung seni rias. Seni musik ogé kabagi kana vokal (nyanyi/ngahaleuang) jeung *instruméntal* (ngagunakeun alat nu ngahasilkeun sora-sora), sarta seni sastra anu leuwih husus kawangun tina prosa jeung puisi (Koentjaraningrat, 2009, kc. 76).

Kasenian kaasup kana salah sahiji unsur kabudayaan anu diciptakeun tina pamikiran jeung ide-ide nu dijadikeun wangun karya seni, tur miboga ajén éstétika nu kawilang luhur. Seni mangrupa ékspresi jiwa manusa anu hasilna mekar jadi salah sahiji bagian tina kabudayaan. Seni mangrupa hal anu teu bisa dipisahkeun tina kaéndahan atawa éstétika (Digdoyo, 2015, Kc. 86).

J.J Hogman dina (Mudji Sutrisno, 1993, Kc. 32), nétélakeun yén kasenian miboga tilu hal anu penting, nya éta:

- a. *Ideas*, wangun kasenian salaku komplék ideu, gagasan, ajén-inajén, norma, aturan, jeung sajabana.
- b. *Actifies*, komplék kagiatan pola jeung aksi ti manusa dina seni.
- c. *Artifact*, salaku wujud kasenian ngaliwatan karya-karya anu dihasilkeun ku manusa.

Salian ti éta, ditétélakeun ku Plato dina Sumanto (2006, kc. 6) yén: “Seni téh nyaéta hasil tiruan alam (*Ars Imitatur Naturam*)”. Pandangan ieu nganggap yén karya seni mangrupa tiruan tina hiji barang atawa kaayaan anu aya di alam atawa

karya anu aya geus aya saméméhna. Ajén kaéndahan dina hiji karya seni dumasar kana kesan kaéndahan alam dunya.

Liliweri dina buku *Pengantar Study Kebudayaan*, kasenian téh mangrupa wangun éksprési émosi seniman anu ngarasakeun hiji émosi, tuluy ngajanggélék jadi hiji kasenian nu miboga harti pikeun dirina tur jalma séjén. Plato dina Nurjatnika nétélakeun yén endahna kasenian téh teu ngaleuwihan éndahna alam sacara subjektif jeung individual, sedengkeun Aristoteles nétélakeun yén éndahna kasenian mangrupa wangun tina daya cipta manusa nu spesifik, jeung kaéndahan ogé biasana némbongkeun ajén-ajén anu husus. Nurutkeun Lager dina (Sumardjo, 2000, Kc. 77) karya seni nya éta éksprési nu diciptakeun tina sawangan hiji jalma ngaliwatan panca indera jeung percitraan, sarta diékprésikeun ngaliwatan perasaan manusa. Prinsip éksprési bisa dilarapkeun kana sakabéh golongan seni, nya éta seni musik, seni sastra, seni rupa, seni téater, seni tari, jeung seni film. Dumasar kana pedaran di luhur, bisa dicindekkeun yén kasenian téh mangrupa ébréhan jiwa manusa anu ditepikeun ngaliwatan karya seni ngahasilkeun kaéndahan. Kasenian diékprésikeun ngaliwatan hasil kamotékaran manusa anu ideuna aya di alam, engkéna éta hasil téh bisa katitén dina wujud seni pintonan.

Hartina, konsépsi tina seni nyaéta ujud atawa produk tiruan alam nu nyalusup kana pipikiran manusa, laju dikonstruksi jadi hiji kabudayaan ku manusa éta sorangan. Aktivitas kabudayaan ieu mangrupa konsép tina kesenian, hartina konsép kasenian mah mangrupa prak-prakan tina seni nu geus aya atawa geus dikonsépkeun dina pipikiran manusa. Ku kituna kasenian mangrupa salasahiji unsur tina kabudayaan. Hal ieu nu ngalantarankeun kasenian jadi hiji unsur nu ngawangun konstruksi kabudayaan, sabab seni éta sorangan mangrupa hasil tina pipikiran manusa nu diwangun sacara koléktif, laju ngahasilkeun kabiasaan turun- tumurun.

2.1.2 Kasenian Tradisional

Kasenian tradisional mangrupa hasil karya kelompok manusa di hiji daérah nu punjul alatan kasurtian masarakat éta sorangan. Rujukan tina kecap tradisional ieu nyaéta museur kana faham tradisionalisme. *Tradisionalisme* mangrupa ajaran anu mentingkeun tradisi nu ditarima ti generasi-generasi saméméhna pikeun

puntangeun kahirupan. Tradisi nu dimaksud lahir tina prak-prakan hirup nu geus lumangsung lila, ieu hal disebut tradisi kultural (Mangunhardjana, 1997, kc. 220-223). Anapon tradisi nu ditarima museur kana cara mikir, polah hirup, sistem kamasarakatan, nepi kasenian.

Sagédéngéun modérnitas jaman aya manusa-manusa kiwari nu manut kana faham tradisionalisme, masih kénéh mertahankeun paripolah manusa baheula, kitu oge dina widang kasenianana. Ku kituna, istilah kasenian tradisional punjul, pikeun misahkeun antara kasenian modéren jeung kasenian tradisional. Diciptakeunna kasenian tradisional nyaéta luyu jeung dadasar filosofis dina aktivitas budaya, anapon aktivitasna bisa mangrupa aktivitas religi boh aktivitas seremonial. Aktivitas ieu punjul salaku bagéan tina gagasan kelompok masarakat nu ditata kalayan nyoko kana kaéndahan artistik tur ngandung ajén-ajén anu mekar ti masarakatna.

Kasenian tradisional tumuwuh jeung mekar di hiji komunitas lokal dumasar kana konsénsus masarakatna, laju ilaharna kasenian tradisional geus jadi pakem turun- tumurun ti generasi ka generasi. Nurutkeun (Khayam 1981 , kc, 57), sacara umum kasénian tradisional boga sababaraha ciri. Kahiji, nyaéta kasenian tradisional kawatesanan ku kultur lingkungan atawa ajén nu geus jadi konsénsus masarakatna. Kadua, kasenian tradisional mangrupa ébréhan tina hiji kultur anu mekar lalaunan. Katilu, kasenian tradisional teu ngabagi-bagi kana spésialisasina. Sedeng kaopat, kasenian tradisional mangrupa hasil tina koléktivitas masarakat nu jadi pangrojongna. Sedeng kasenian modéren leuwih bisa narima kahirupan global, ku kituna bisa ngasupkeun unsur-unsur di saluareun ajén masarakat daérah.

Kasenian tradisi mangrupa hasil karya hiji masarakat di hiji daérah nu punjul dumasar kana naon nu dirasakeun ku masarakat éta sorangan. Ieu luyu jeung nu ditétélakeun ku Sendjaja (dina Bahri, 2015, kc. 11) yén nu dimaksud kasenian tradisional mangrupa karya cipta jeung karsa manusa anu ngakar tina aspék-aspék rasa, nyaéta rasa éstétis nu sipatna arif atawa lokal, lahir tur digandrungan ku salah sahiji masarakat. Ku kituna sacara wangun, seni tradisi diluyukeun jeung struktur kabudayaan masarakat éta sorangan, pondokna seni tradisional ngajanggélék jadi répréséntasi étnis. Sagédéngéun ti éta, kasenian tradisional ieu dipolah sacara turun-

tumurun alatan merhatikeun fungsina salaku médium spiritualitas, salaku hiburan, katut salaku présentasi éstétis hiji kabudayaan. Dumasar kitu, struktur kasenian tradisional ieu ngawengku kana unsur-unsur anu ngawangun tilu fungsi kasenian tradisional. Dina kasenian tradisional, nu jadi ciri utama nyaéta kasenian dipintonkeun lain sakur keur pintoneun hungkul. Leuwih ti éta, aya ma'na-ma'na nu baris ditepikeun, anu datangna ti generasi saméméhna. Ku kituna kasenian tradisional raket patalina jeung spiritualitas.

Dumasar kitu, struktur kasenian tradisional mangrupa unsur-unsur nu ngawangun kasenian éta sorangan. Anapon unsur-unsurna ngawengku kana unsur jero nu ngawangun kasenian éta sorangan, anu pakait jeung téknis gelarna kasenian tradisional. Sedengkeun unsur luar nyaéta unsur nu taya pakaitna jeung téknis gelarna kasenian, tapi miboga pangaruh leuwih dina kaciptana kasenian tradisional éta sorangan. Pondokna unsur jero dina kasenian di antarana, nyaéta unsur sora, unsur gerak, unsur rupa. Tilu unsur ieu nu ilaharna ngawangun kasenian éta sorangan sacara téknis. Sedeng unsur saluareunna nyaéta ajén-inajén nu mangaruhan kawangunna kasenian tradisional, nyaéta unsur spritualitas.

2.1.3 Kasenian Bangréng minangka Wanda Kasenian Tradisional

Kasenian bangréng mangrupa kasenian nu ngagabungkeun dua unsur kasenian, nyaéta seni gerak, katut seni sora. Ieu hal lantaran bangréng sorangan mangrupa singgetan tina dua kecap nyaéta terebang jeung ronggég. Kasenian terebang ieu saméméhna dipaké pikeun media dakwah Islam, dina ieu kasenian, ayana pupujian nu dihaleuangkeun. Ieu kasenian miboga daya mistis nu kuat, ku kituna sok digelarkeun dina raraga ngaruwat jagat, boh hitanan boh kawinan. Pakakas pokok nu kudu aya dina kasenian bangréng nyaéta terebang. Terebang mangrupa salah sahiji alat nu rupana sarua jeung tamborin atawa musik nu sok dipaké dina marawisan. Kasenian bangréng ieu awalna mangrupa kasenian terebang hungkul, laju kabéh kadieuunakeun dingaranan kasenian gembyung, dina kamekaranana kasenian gembyung robah jadi kasenian bangréng.

Ngahartikeun kecap tradisional nyoko kana laku lambah manusa nu ngagugu kana norma katut inajén generasi saméméhna. Rujukan tina kecap

tradisional ieu nyaéta museur kana faham tradisionalisme. Tradisionalisme mangrupa ajaran anu mentingkeun tradisi nu ditampa ti generasi-generasi saméméhna pikeun puntangeun kahirupan. Tradisi nu dimaksud lahir tina prak-prakan hirup nu geus lumangsung lila, ieu hal disebut tradisi kultural (Mangunhardjana, 1997, kc, 220-223). Anapon tradisi nu ditampa museur kana cara mikir, polah hirup, sistem kamasarakatan, nepi kasenian. Di sagédéngéun modérnitas jaman aya manusa-manusa kiwari nu manut kana faham tradisionalisme, masih kénéh mertahankeun polah-polah manusa baheula, kitu ogé dina widang kasenianana. Ku kituna istilah kasenian tradisional punjul, pikeun misahkeun antara kasenian modéren jeung kasenian tradisional. Diciptakeunna kasenian tradisional nyaéta luyu jeung dadasar filosofis dina aktivitas budaya, anapon aktivitasna bisa mangrupa aktivitas religi atawa aktivitas seremonial. Aktivitas ieu punjul salaku bagéan tina gagasan kelompok masarakat nu ditata kalayan nyoko kana kaéndahan artistik tur ngandung ajén-ajén anu mekar ti masarakatna éta sorangan.

Kasenian tradisional teu leupas tina kahirupan kabudayaan, ieu hal lantaran kasenian éta sorangan lahir lantaran ayana kabudayaan nu dicipta ku manusa. Dina kontéks antropologi, nétélakeun kabudayaan nyaéta sakabéh sistem, gagasan, tindakan, jeung hasil karya manusa dina raraga kahirupan masarakat pikeun diri manusa éta sorangan sangkan diajar. Cindekna, kabudayaan tradisional nyaéta sakabéh gagasan, polah, katut hasil karya manusa nu geus ngakar ti jaman ka jaman (Koentjaraningrat 1990, kc, 180). Kitu deui kasenian tradisi, mangrupa hiji gagasan, atawa polah nu dijieun, laju gumelar jadi hiji karya. Hal ieu anu tuluy dipolah jadi hiji kabiasaan tur ngajanggélék jadi hiji kabudayaan.

Kabudayaan ngawengku sakabéh kahirupan manusa di sakuliah dunya, ti mimiti kahirupan manusa anu primitif nepi ka modérn, nu ngawujud kana kabiasaan-kabiasaan manusa dina ngalarung kahirupanana. Nurutkeun Sumardjo, (2011, kc. 3), ari kabudayaan Sunda bisa dihartikeun minangka sistem ajén- inajén, koléktip masarakat Sunda nu dirarancang tina basa, paripolah, artépak, jeung kasenianana. Kasenian minangka salah sahiji hasil kabudayaan anu umumna dipiboga ku sakabéh manusa anu ngawujud kana kabiasaan-kabiasaan dina

nepikeun ékspresi atawa kereteg angen-angen dina ngahontal tujuan pikeun méré kasugemaan batin, sarta média pikeun ngadeukeutkeun diri ka Pangéran. Kasenian Sunda nu aya di Jawa Barat kawilang euyeub tur boga ciri has dina unggal kasenianana, boh anu patali jeung tradisi Sunda, boh anu kapangaruhan ku budaya lian.

Salasahiji kasenian anu masih aya di tatar Sunda, utamana di Kacamatan Cilawu Kabupatén Garut nya éta kasenian Bangréng. Minangka kasenian tradisional Kasenian Bangréng, mangrupa ébréhan tina kahirupan masarakat Sunda anu patali jeung sumebarna agama Islam di tatar Sunda. Salian ti éta kasenian Bangréng jadi jalan pikeun ngabebener urang Sunda jaman harita. Istilah Bangréng nyaéta tina kecap “terbang” jeung “ronggég”. Aya hasil *akulturasi* budaya antara sababaraha agama nu mangaruhan kasenian Bangréng ieu, tur aya ajén moral anu dipintonkeun dina ungal acarana (Ria Intani T: 2020, kc 67). Kadieunakeun, aya hiji pintonan masarakat di Cilawu anu ngagunakeun alat kasenian terebang anu dina éta pintonan aya jalma anu ngamat mahluk goib anu diasupkeun kanu nonton balukarna aya nu karasukan mahluk dina unggal pintonanana nu ngajadikeun kasang tukang ieu panalungtikan.

2.1.3.1 Pakakas Kasenian Bangréng

Alat kasenian terebang nu dimaksud di dieu nyaéta museur kana alat atawa unsur seni sora dina kasenian terebang, nya éta:

a. Terebang

Terebang mangrupa alat musik inti nu dipaké dina kasenian bangréng, sakumaha nu saméméhna didadarkeun yén bangréng mangrupa akronim tina ‘terbang’ jeung ‘ronggég’. Alat ieu miboga rupa nu sarua jeung rebana, dijieun tina kulit munding atawa kulit sapi, sedeng cara maénkeunana nyaéta ditabeuh. Ceuk Hidayana (2020, kc, 24) terebang mangrupa instrumén musik nu dijieun tina kulit munding atawa kulit sapi. Ieu alat music téh dimaénkeun kucara ditabeuh. Sedeng rupana nyaéta buleud nu kurang leuwih diaméterna 60 cm. Nurutkeun Soemardjo (2001) nétélakeun yén terebang nyaéta instrumen musik tabeuh nu rupana siga rebana, anu geus aya di jaman Hindu-Budha, tapi dina mangsa éta

disebut *tabang-tabang* dumasar kana kitab sastra jaman Kediri abad 12. Sedeng anu ditapsirkeun ku para ahli saperti H. H. Juynboll jeung P.J Zoetmulder nyaéta alat musik terebang dina mangsa kiwari (Oktovan, 2020, kc, 115).

b. Kendang

Kendang mangrupa alat musik nu cara maénkeunna nyaéta ditabeuh. Ilaharna kendang dijieun tina kakayon nangka, jati, atawa kalapa, laju dijieun ngarupa buleud tur panjang. Sanggeusna ngarupa buleud panjang, kendang diuntup ku kulit sasatoan sabangsaning sapi atawa munding di dua sisina, satuluyna diiket ku tali nu sarua tina kulit sapi (Bandem, 2013, kc, 103). Instrumen kendang ieu lain sakur dipaké dina kasenian bangréng hungkul, tapi ogé dina kasenian Sunda séjénna. Kasenian Sunda nu maké instrumént kendang di antarana nyaéta wayang golék, kliningan, pencak silat, ketuk tilu, degung, celempungan, calung, jaipongan, jrrd. Kendang miboga peran penting pikeun dina ngatur irama lagu dina kasenian-kasenian nu kasebut.

Hal ieu lantaran kendang mangrupa unsur nu dominan dina ngatur jalanna pidangan, luyu pamahaman karawitan yén kendang boga peran sabagé pamingpin irama nu boga aspék pangatur témpo (Marto Pangrawit, 1972, kc, 5), kitu deui ceuk (Yudoyono, 1984, kc, 86) yén kendang mangrupa pangatur dina panyajian gending. Anapon kitu dina kasenian bangréng, alat musik utamana mah nyaéta terebang, sagédéngéun ti éta ogé kendang boga peranan sorangan dina kasenian bangréng. Ieu hal lantaran luyu jeung pedaran ngeunaan kendang nu miboga kamampuh pikeun ngatur irama lagu.

c. Goong

Dina naskah Sang Hyang Siksa Kandang Karesian disebutkeun rupaning alat gamelan nu dijieun tina bahan logam, dina éta naskah Sunda kuna disebutkeun gangsa, goong, titil, canang, jeung céngcéng (Nurwansah, 2020, kc, 103). Anapon kitu, kaayeunakeun goong aya nu dijieun tina bahan perunggu. Sagédéngéun ti éta, cara maénkeun goong nyaéta ditabeuh ngagunakeun alat tabeuh. Ieu instrumen ogé ilahar digunakeun dina sababaraha kasenian lianna.

d. Saron

Saron mangrupa salah sahiji instrumen dina gamelan, cara maénkeunna nyaéta ditabeuh ngagunakeun alat panabeuh, laju sanggeus ditabeuh ilaharna alat diteken sangkan sora nadana teu panjang teuing sabab bakal ngaganggu sora nada lianna. Saron mangrupa salah sahiji instrumen nu aya dina gamelan. Ieu instrumen ilahar aya di pulo Jawa jeung Bali kalayan laras pélog tujuh nada (Sukerta dina Astutik, 2019, kc, 25). Saron ieu mangrupa alat musik nu dijieun tina logam atawa perunggu, laju ditumpangkeun dina kayon anu boga fungsi pikeun résonator ogé.

e. Bonang

Bonang mangrupa salah sahiji waditra gamelan nu dijieun tina logam atawa perunggu. Cara maénkeunna nyaéta ditabeuh ngagunakeun alat nabeuh nu ilaharna tina kayon. Bonang mangrupa waditra nu papasangan jeung saron. Dina téks *Sang Hyang Tatwa Ajñana* (Nurwansyah, 2020, kc, 27, jeung 29) aya katerangan ngaran nu punjul museur kana alat musik atawa waditra, anapon ngaran kateranganna nyaéta *labung* atawa *labung barung*, satuluyna *labung barung* ieu dihartikeun kana waditra. Waditra nu dipimaksud nyaéta waditra anu teu bisa dipaénkeun sacara individu, atawa waditra panglengkep, pon nu dimaksud waditrana nyaéta goong jeung gangsa. Sagédéngun ti éta Koskoff nétélakeun kecap *barung* nyoko kana fungsi tina alat éta sorangan sabagé pangbarung (panglengkep), sarua halna jeung bonang barung, atawa saron barung salaku pasangan tina bonang (Nurwansah, 2020, kc, 132).

2.1.3.2 Panglengkep Kasenian Bangréng

Dina ieu bahasan bakal diguar bahan atawa nu dipaké dina kasenian bangréng. Anapon di antarana, nyaéta:

a. Lisah

Lisah atawa minyak keletik mangrupa cairan minyak nu dijieun tina kalapa nu sesedengna kolot. Lisah ieu miboga ciri mandiri, seungit, laju hérang. Ilaharna ieu minyak dipaké pikeun gaganti minyak kayu putih.

b. Menyan

Menyan nyaéta arupa seuseungitan dina wangun kristal. Ieu kristal mangrupa olahan tina geutah tatangkalan. Anapon prak-prakanna dina kabudayaan lokal, menyan ilaharna dibakar. Ngabakar menyan mangrupa tradisi nu masih mekar dina kabudayaan lokal, khususna Sunda. Ilaharna, ngabakar menyan dipakaitkeun jeung hal-hal anu mistik. Hal mistik nu dipimaksud nyaéta ngabakar menyan dilakonan dina acara-acara khusus, contona dina poé-poé nu sakral, boh dina poé raya. Ku kituna, tradisi menyan ieu dipatalikeun jeung hubungan manusa ka Gusti atawa dirépréséntasikeun kana pangdo'a, lantaran menyan nalika dibakar munjulkeun aroma seungit.

Sakolébatan upama ditilik, tradisi baka menyan ieu leuwih museur kana kagiatan *syirik*. Bakar menyan ieu dianggep salah sahiji warisan tina ritual agama Hindu (Yanti, 2021, kc, 133). Anapon tradisi ngabakar menyan ieu dianggep *syirik* ku sababaraha ulama, tapi aya sababaraha ulama ogé nu nganggep yén tradisi ngabakar menyan ieu sakur tina éksprési budaya. Ku kituna ieu tradisi ngabakar menyan masih mekar di kalangan masarakat lokal, anu ilahar dilakonan dina upacara-upacara adat, kitu deui dina kabudayaan Sunda.

c. Kopi

Kopi nyaéta salah sahiji komoditas penting dina kamekaran ékonomi di Indonésia. Kopi mangrupa pepelakan nu ngahasilkeun buah héjo tug nepi asakna warna beureum. Laju sabada dipanén disiksikan kulitna, dipoé, disangrai, tuluy dibubukan. Bubuk kopi ieu nu satuluyna bisa diolah jadi cai leueuteun. Sedeng dina kontéks kasenian tradisi atawa upacara adat, ilaharna kopi dijadikeun hiji salah sahiji sasajén.

d. Rujak Kalapa

Rujak kalapa mangrupa kalapa nu diserut laju ducampurkeun jeung bungbu rujak. Ieu nu jadi pangbéda jeung rujak-rujak lianna, ilaharna rujak nu dipaké nyaéta bungbuahan sabangsaning buah, jambu aér, gedang ngora, kadongdong. Jadi, nu ngabédakeun sakur bungbuahan nu dipakéna hungkul.

2.2 Struktural

2.2.1 Wangenan Struktural

Paham ngeunaan struktural ieu mangrupa akar pamikiran linguis Swiss Ferdinand de Saussure. Saussure mangrupa kuncén tina pamarekan modérn studi basa, hartina paham struktural ieu ngawalan mangsana dina studi basa. Dina abad ka-19 para cendikiawan linguistik leuwih kairut kana aspék historis basa, contona nyaéta kumaha aspék historis antar basa bisa pakuat-kait, lian ti kitu ogé para cendikiawan ieu museurkeun pamadeganana kana asal-muasal ayana basa éta sorangan. Béda jeung Saussure, nu leuwih museurkeun kana polah jeung fungsi basa nu harita digunakeun, Saussure leuwih nyokokeun kana cara makna dijaga jeung diadegkeun sarta kana fungsi struktur tata basa.

Faham ngeunaan struktur ieu diserep ku individu-individu anu antukna nyebut dirina sorangan salaku kaum strukturalis. Hasil tina serepan struktural Saussure laju dimekarkeun ku para strukturalis ieu, anu nganggep yén konsép Saussure bisa dialihkeun, tur dipaké pikeun ngajéntrékeun sistem panandaan. Anapon strukturalisme ieu saenyana dikawitan dina taun 1950'an jeung 1960'an, paham ieu diparajian ku pamikiran linguis Swiss Ferdinand de Saussure (1857-1913) (Barry, 20120, kc, 47). Dina taun 1950'an faham struktural jadi hiji pergerakan inteléktual, anu mimiti medal ngaliwatan karya antropolog Prancis Claude Lévi-Strauss, jeung kritikus sastra Roland Barthes (Barry, 2010, kc, 45).

Struktur dina kontéks panalungtikan mangrupa hiji objék nu teu kapisah-pisah. Hartina struktur téh nyaéta unsur-unsur nu silih pakait, laju ngajanggélék jadi hiji wangunan. Dina kontéks sastra struktur nyaéta corak rakitan (susunan) komponén-komponén karangan nepi kaa ngahasilkeun wujud karya sastra (Iskandarwassid, 1996, kc, 153). Kitu deui dina KBBI onlén yén struktur téh mangrupaa susunan; bangunan (diaksés 21/01/2023). Luyu jeung pamadegan Ratna (2016, kc. 88) yén struktur mangrupa kecap asal tina *structura*, nu hartina wangun atawa wangunan. Tina wangenan-wangenan ieu bisa disebut yén struktur mangrupa unsur-unsur anu saterusna jadi hiji konstruksi. Bisa disebut yén sakuliah nu aya di alam dunya miboga konstruksina sorangan.

Kitu deui nu ditétélakeun ku Foley (dina Siswantoro, 2010, kc, 13) saban objék mangrupa struktur anu miboga unsur-unsur pikeun ngawangunna, dimana tiap unsur téh silih pakait jeung unsur liana (Nurhamzah, 2018, kc, 11). Ku kituna gunem ngeunaan struktur mah moal jauh kana madungdengkeun polah-polah atawa unsur nu ngajanggélék jadi hiji widang/wangunan. Dina studi basa struktur mangrupa unsur-unsur nu pakait laju ngawangun makna, ku kituna basa téh mangrupa konstruksi nu bisa diguar sabab miboga unsur.

Ulikan structural miboga fungsi pikeun ngaguar konstruksi nu geus diwangun. Tujuanna pikeun nembragkeun unsur-unsur pangleutikna nepi ka ngahasilkeun makna sacara gembleng. Dina kasusastraan ieu luyu jeung anu ditétélakeun ku Teeuw (2013, kc, 106) yén ulikan struktural miboga tujuan pikeun nyaliksik laju ngadadarkeun kalayan *detail* pakaitna sakabéh aspék pikeun ngaahasilkeun makna saujuratna. Kitu deui dina panalungtikan budaya, tiori struktur ieu bisa dipaké lantaran kabudayaanana éta sorangan mangrupa konstruksi. Kabudayaan mangrupa maluruhna prosés kamekaran manusa di dunya, dina sajarah, manusa mangrupa inti tina kabudayaan. Tiori struktural dina panalungtikan budaya dipaké alatan maham laju ngajéntrékeun fénoména budaya.

Balik deui kana akar struktural nu diparajian ku Saussure, dimana struktural Saussure leuwih nyokokeun kana basa. Sedeng strukturalisme lain sakur museur kana basa jeung sastra hungkul. Sagédéngkeun éta, saenyana sastra jeung budaya miboga kaitan, nyaéta sastra salaku dokumén. Hartina sastra mangrupa medium pikeun nepikeun budaya éta sorangan. Kaum strukturalis di taun 1950'an miboga anggapan yén konsép struktural Saussure pikeun molah cara gawé basa bisa 'dipindahkeun', jadi lain sakur jang ngaguar basa hungtul, tapi bisa molah cara gawé sakabéh sistem panandaan, jadi kabudayaan ogé bisa dibaca saenya téks. Antropolog Claude Lévi-Strauss nerapkeun konsép strukturalis kana interprétasi mitos.

2.2.2 Pamarekan Struktural Lévi-Strauss

Dina pandangan struktural bisa nempo fénoména budaya ngaliwatan model-model nu sipatna ékonomis, di sagédéngkeun éta, ogé teu mohokeun sipat generalna

(Endraswara, 2011. kc : 110-115) hal éta nurutkeun Lévi-Strauss. Sedeng model analisis nu dipakéna, Lévi méré pamadegan yén basa miboga makna anu muncul tina oposisi binair, antarkekecapan nu diucapkeun boga rélasi jeung unsur-unsur nu aya di saluareunana. (Suwondo dina Nurhamzah, 2018, kc, 14). Dina hal ieu Lévi boga anggapan yén struktur mangrupa hiji sistem nu kawangun ku sababaraha unsur anu silih pakait, laju teu bisa dipisahkeun. Unsur ieu teu bisa ngalaman parobahan saupama unsur liana teu ngalaman parobahan ogé. Ku kituna, struktural Lévi ieu nu leuwih ditekenkeun lain sakumaha kuatna unsur éta, tapi kumaha pakaitna antar unsur ieu.

Struktur pamarekan Lévi-Strauss nyoko kana makna saujuratna anu aya dina symbol budaya. Kitu deui ceuk Leah, struktural Strauss (dina Ahimsa, 2006, kc, 79) museurkeun kana narasi téks, nu mana narasi ieu mangrupa ujud tina pangharepan anu aya di saluareun kasadaran anu teu konsistén, katut teu sarua dina kaayaan sapopoé. Salah sahiji contona nyaéta artépak budaya dina wangun lisan, nyaéta mitos (Nurhamzah, 2018, kc, 14). Lévi-Strauss museurkeun perhatianana kana mitos, nurutkeun Lévi mitos miboga kualitas logis, lain éstétis, psikologis, pon deui religious. Lévi nganggep yén mitos téh basa, salah sahiji narasi nu geus dicaturkeun pikeun dipikanyaho. Tiori jeung métode kajian struktural Lévi-Strauss teu loba dimangpaatkeun ku kaum akademis di Indonésia, sabagéan sabab cara migawéna nu kawilang rumit.

Nurutkeun Ahimsa unsur-unsur dina mitos miboga diménsi vertikal jeung horisontal atawa diménsi sintagmatik jeung paradigmatic, sinkronik jeung diakronik. Gabungan sakabéh unsur éta téh mangrupa ma'na sagemblengna nu aya dina mitos (Nurhamzah: 2018, kc, 14). Ku kituna, mitos bisa disebut carita (simbol) anu bisa dibaca. Contona mitos Odyus anu kungsi ditapsirkeun ku Lévi-Strauss, Lévi nempatkeun Odyus sabagé kisah individual nu aya dina kontéks kisah kota Thebes. Lévi ngusulkeun yén carita individual (*parole*) salah sahiji siklus mitos nu teu boga makna saupama kapisah jeung sakuliah unsur nu ngawangun carita éta sorangan (*langue*). Hartina, bagéan leutik unsur (*parole*) bisa dimaknaan saupama ditilik unsur-unsur lianna sacara maluruh (*langue*) (Barry, 2010, kc, 53). Ku kituna dumasar konsép ieu, Lévi nganggep yén basa miboga makna anu punjul tina oposisi

binair, kecap nu diucapkeun boga rélasi di saluareun omongan (Suwondo, 2003, kc, 91).

Oposisi binair di antarana, *langue* jeung *parole*; *sintagmatik* jeung *paradigmatik*; sarta *sinkronis* jeung *diakronis*. Tipe strukturalis Lévi museurkeun hal nu khusus kana hal anu umum, nempatkeun carita individual dina jero struktur anu leuwih gedé (Endraswara 2005, kc, 231). Analisis struktural ieu dibagi jadi dua bagéan, nu kahiji nyaéta struktur luar, jeung struktur jero. Struktur luar mangrupa rélasi antar nu diwangun dumasar kana ciri émpiris tina rélasi éta sorangan. Sedeng struktur jero nyéta susunan anu diwangun dumasar kana struktur lahiriah nu geus dijieun. Ku kituna, pikeun ngébréhkeun makna anu aya dina struktur jero, nyaéta kudu nganalisis, laju ngabandingkeun jeung struktur luar nu geus dipedarkeun saméméhna. Hal ieu lantaran struktur jero digunakeun pikeun maham fénoména budaya anu keur ditalungtik. Hal ieu luyu jeung anu ditétélakeun ku Sumardjo yén struktur jero téh pola-pola anu pakem atawa logika di satukangeun artépak budaya. Ieu bisa ogé disebut cirining tina tatapakan budaya éta sorangan sangkan ngawangun éksisténsi idéntitasna. (Nurhamzah, 2018, kc, 16).

Dumasar kitu, saenyana analisis struktural Lévi-Strauss miboga cara gawé nu sarua jeung ulikan basa, nyaéta make dadasar logika dina basa. Anapon analisis nu dipakéna nyaéta pikeun nyangkem makna fénoména budaya ngaliwatan mitos ngaliwatan *parole*, jeung *langue*.

2.3 Sémiotik

Sémiotik nyaéta cabang élmu nu mimiti mekar dina widang ulikan basa. Tina kamekaranana, sémiotika maluruh kana sagala aspék kahirupan manusa. Kiwari, sémiotik geus jadi lintas élmu *multidisipliner*. Sababaraha élmu miboga puseur nu sarua nalika ngulik ‘réalitas’, contona nyaéta nalika ulikanna mangrupa pakta sosial. Pakta sosial sacara téoritis hiji hal anu hésé diulik lantaran aya dina kontéks waktu anu bisa leungit sakolébatan sabab bisa leungit ku waktu éta sorangan. Anapon kitu, pakta bisa kapanggih ngaliwatan medium ‘tanda’. ‘Tanda’ ieu nu jadi widang ulikan dina sémiotika.

Nurutkeun Bonta dina (Istanto, 2000, kc, 115) nétélakeun yén semiotika nyaéta élmuning tanda, istilah kecap sémiotika asalna tina basa Yunani ‘*semion*’ nu hartina ‘tanda’. Saupama ditilik istilah *semion* diturunkeun tina élmu kedokteran hipokratik nu museur kana simtomatologi jeung diagnostic inferensial (Sobur dina Sartini, 2007, kc, 3). Dina kontéks sastra sémiotik nyaéta tanda salaku alat komunikasi. Hartina, sémiotik ieu mangrupa hiji dadasar tiori nu dipaké pikeun ngaguar tanda, fungsi tina tanda, laju réa deui hal nu pakaitna jeung tanda. Kitu deui sawangan Hidayat (2010, kc, 78) sémiotik nyaéta tiori jeung analisis rupaning tanda (*sign*) katut pamaknaanana (*signification*). Sedeng nurutkeun Krisyantono (dina Puspitasari 2021, kc, 12) yén sémiotika leuwih museurkeun tilikan kana sistem-sistem, ugeran-ugeran, konvénsi-konvénsi tanda anu miboga harti. Kitu deui ceuk Wiryaatmadja (dina Santosa, 1993, kc, 3) negeskeun yén sémiotika mangrupa élmu nu ngulik kahirupan tanda katut maknana anu luas di masarakat, nusipatna literal, ogé nu sipatna *figuratif*, boh anu ngagunakeun basa, ogé non-basa.

Dina kamekaranana sémiotika diparajian ku élmuning basa nyaéta linguistik. Hal ieu ogé teu leupas tina sawangan-sawangan Saussure. Hartina, sémiotik mangrupa élmu nu mimiti mekar dina ulikan basa. Anapon akarna nyaéta diawalan tina struktural linguistik model Saussure. Strukturalis ieu miboga tujuan pikeun mérélekeun sistem tanda sabagé basa. Ku kituna, dina kontéks kajian budaya, sémiotika mangrupa léngkah atawa cara satuluyna dina ulikan struktural. Singgetna, ulikan sémiotika dilakonan sabada ulikan strukturna geus dijembarkeun. Sagédéngéun éta, sémiotika ieu gelar babarengan dina kajian-kajianna Saussure nu marajian strukturalisme ogé sémiotik, Saussure nyebutna sémiologi anu hartina élmu ngeunaan kahirupan tanda-tanda di masarakat (Hoed, 2002, kc, 11)

Struktural mangrupa paham nu diturunkeun ku Saussure, laju Saussure ngagunakeun istilah sémiotik jadi sémiologi. Sanajan dua istilah ieu teu pati jadi puseur bahasan para ahli, istilah sémiologi ieu sakur digunakeun ku Saussureian. Sedengkeun sémiotika leuwih dipikawanoh dina tradisi Amérika nu diparajian ku Peirce. Hartina dua istilah ieu sakur ngacu kana oriéntasina hungkul, sémiolog leuwih ngacu kana tradisi Éropah, sedeng sémiotika ngacu kana tradisi Amérika; antara Saussre jeung Peirce. Sedeng nurutkeun Hawkes (dina Sobur, 2002, kc, 36)

bédana antara sémiotika jeung sémiologi nyaéta sémiologi biasana digunakeun di Éropa, sedengkeun sémiotika digunakeun ku panyatur basa Inggris. Ku kituna, istilah sémiolog leuwih nyoko kana paham kubu Saussurean, sedeng sémiotika kana paham kubu Peircean. Anapon kitu dua istilah ieu miboga medium ulikan nu sarua nyaéta kahirupan tanda. Dina ieu panalungtikan, nu diulik nyaéta sémiotika sawangan Peircean.

Pamarekan Peircean ieu mimiti dipikawanoh di Indonésia dina mangsa taun 80'an. Polah analisis Peirce ngagunakeun *triangle of meaning theory* nu ngawengku kana *interpretant*, *representamen*, jeung *object*. Tanda nurutkeun Peirce diwangun ku tilu aspék, nyaéta ikon, indeks, jeung simbol. Ikon nyaéta tanda hubungan antara pananda jeung patandana nu sipatna sarua rupaning ilmiah, indéks nyaéta tanda nu ngalantarankeun ayana hubungan alamiah antara tanda jeung patanda nu sipatna klausal atawa boga hubungan sabab-musabab, simbol nyaéta tanda anu teu nunjulkeun hubungan alamiah antara pananda jeung patandana (Pradopo, 1990: 121 dina Umayu, 2010, kc, 36). Konsép nu napak dina sawangan Pierce ieu museur kana katégori tanda, laju bisa diaplikasikeun sacara basajan. Ku kituna konsép Pierce dina kontéks kabudayaan kudu diperhitungkeun.

Teu siga Saussure nu “ngauger” tanda dina kerangka sinkronis, Sawangan Pierce nilik *tanda* dina ranggeuyan tanda nu tumuwuh (Christomy, 2012, kc 115). Hiji tanda bisa mekar jadi tanda lianna. Nurutkeun Peirce, *semiosis* bisa ngagunakeun tanda naon waé (lingustis, visual, rohang, pari polah) satungtung minuhan sarat ngajanggélékna éta tanda.


Sakumaha nu dikutip ku Noth (1996:42 dina Christomy, 2012, kc, 117) “*Nothing is a sign unless it is interpreted as a sign*”, yén tanda mangrupa tapsiran tina tanda éta sorangan. Tanda mangrupa wujud nu hadir pikeun ngawakilan nu teu hadir. Ku kituna, perlu ayana tapsir pikeun ngabalakakeun makna, anu dina sawangan Peirce mah tanda (*répréséntamen*) museur kana objékna (*denotatum*).

Hubungan antara répréséntamen jeung dénotatumna atawa objékna aya tilu wahana atawa tilu cara nu ngawengku kana ikon, indéks, jeung simbol. Ikon dina Peircean ieu saenyana teu béda jauh jeung konsép *imitasi* sawangan Plato (*the sign imitates the signified*) (Sobeok dina Christomy, 2010, kc, 121).

Contona hiji gambar visual nu miboga kamiripan jeung rupa aslina nyaéta ikon badut KFC nu boga kasaruaan rupa jeung tokoh pangadeg KFC- na. Indéks atawa *indexical signs* nyaéta wahana tanda nu bisa dianalogikeun sabagé tanda panah pikeun ngarahkeun hiji hal. Indéks ieu hadir gumantung kana objékna, contona seuneu nu ngaluarkeun haseup bau ban kabakar di puseur dayeuh nandakeun yén ayana massa nu keur demo.

Atawa conto liana nyaéta mobil nu ringsek anu dipajang di pipir jungkrang, mobil ieu hadir lantaran pakait jeung kajadian saméméhna nu mangrupikeun denotatum tina mobil éta, ieu nandakeun ayana kacilakaan nu remen kajadian di jalan dimana mobil ringsek éta dipajang.

Simbol nyaéta wahana tanda nu patali jeung kasajajaran rupa, tapi tali kaitna ieu didasaran ku kabiasaan. Jadi simbol ieu boga *physical connection*, hartina dipaké dumasar kana masarakat pamakéna. Contona warna beureum di masarakat Indonésia mangrupa warna anu nandakeun kawani. Anapon *triangle theory* ieu bisa digambarkeun ngaliwatan gambar 2.1:



Gambar 2.1
Wahana Tanda

Dumasar kana pedaran-pradaran diluhur dina ieu panalungtikan baris diguar tanda-tanda dumasar kana pamarekan sémiotika budaya lantaran korpus nu digunakeun nyaéta kasenian bangréng. Anapon pamarekan tatapakan torina nyaéta ngagunakeun sawangan-sawangan Peircean, sakumaha nu saméméhna dijéntrékeun.

2.3.1 Aspék Semiotik dina Kasenian Tradisional

Sémiotika mangrupa kajian nu museur kana tanda, ku kituna aspék sémiotika dina kasenian tradisional museur kana tanda-tanda nu nembrak dina kasenian tradisional. Anapon tanda-tanda nu bisa dibaca dina kasenian tradisional bisa ditilik ngaliwatan alat jeung bahan kasenian tradisional, atawa panglengkep, laju kana tahapan-tahapanna ogé.

Dina ieu panalungtikan khususna kasenian bangréng nu diguar nyaéta alat jeung bahan katut panglengkep kasenian bangréng. Aspén nu baris ditilik nyéta ikon, indeks, jeung simbol. Ieu hal lantaran dumasar kana tatapakan tiori sémiotik nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta sémiotika pamarekan Piercean.

Sagédéngéun ti éta, aspék sémiotik dina kasenian tradisi miboga fungsi pikeun ngaguar ma'na atawa maksud tina kasenian éta sorangan. Ilaharna kasenian tradisional euyeub ku ajén-ajén nu geus diwariskeun sacara turun-tumurun. Aspék sémiotika dina kasenian tradisi dina ieu panalungtikan ieu, ngawengku kana ma'na nu diwangun dina kasenian bangréng.

2.4 Étnopédagogi Kasundaan

Étnopédagogi asalna tina dua kecap nyaéta tina kecap *etno* jeung *pedagogik*. Istilah étno asalna tina basa Yunani nu hartina 'suku bangsa' atawa 'lokal'. Sedengkeun kecap *pedagogik* hartina ilmu atikan atawa pangajaran (Sudaryat, 2015, kc, 120)

Nurutkeun Alwasilah dina (Yayat Sudaryat, 2015, kc. 98), étnopédagogi mangrupa porakték atikan nu nyangkaruk dina kearifan lokal nu ngawengku kana sababaraha sistem nyaéta sistem pangubaran, seni bela diri, lingkungan hidup, sistem tatanén, ékonomi, pamaréntahan, sistem pananggalan, jsté. Cindekna, étnopédagogi miboga orientasi kalungguhan dina manusa nu paripurna (masagi). Nurutkeun Rustaman dina (Sulistian, 2018) yén étnopédagogi mangrupa salah sahiji prakték atikan nu museur kana ajén-inajén kultural hiji étnis nu ngahasilkeun standar sikep jeung tingkah laku manusa. Saenyana tujuan atikan nyaéta “*memanusiakan manusa*”. Atikan lain sakur *transfer of knowledge*, tapi

sagédéngeun ti éta ogé transfer nilai (*transfer of value*) (Alwasilah dina Sulistian, 2018, kc, 14)

Étnopédagogi kasundaan museur kana catur jati diri insan, tri-silas, gapura panca waluya, aspék moral manusa ka Gusti, moral manusa ka pribadi, moral manusa ka papada, moral manusa ka alam, moral manusa ka waktu, moral manusa dina ngahontal kasugemaan lahiriah jeung batiniah pikeun nyangking kaparipurnaan manusa.

Sacara umum jalma nu masagi miboga weruh nu leuwih nu disangking ngaliwatan pangalamanna. Boh pangalaman lahiriah (intelektual-aksional), boh pangalaman batiniah (*spiritual*). Sabab geus nyangking kaparipurnaan (masagi) ngaliwatan pangalaman lahir jeung batin, orientasi étnopédagogi Kasundaan museur kana Catur Jati Diri Insan. Ngawengku pengkuh agamana, mangrupa kualitas manusa atawa kamonésanna sacara religiuitasna. Luhung élmunana (Luhur ku élmu, jembar ku pangabisa, sugih ku pangarti). Jembar budayana, mangrupa gambaran manusa nu mertahankeun karakter budayana, wijaksana, toléran. Rancagé gawéna nyaéta rapékan, rancagé, motékar (Suryalaga dina Sudaryat, 2010, kc, 124).

Tri-Silas nu ngawengku silih asih nyaéta sikep nu nunjulkeun rasa asih nu wening. Silih asih museur kana kualitas *intrinsik* nu aya dina batin manusa. Silih asah mangrupa sikep manusa nu silih punjulkeun élmu pangaweruh. Silih asuh miboga siloka ngaping ngaraksa, ngariksa antara individu jeung individu lianna pikeun ngahontal tujuan pribadi ogé kelompok masarakat di hiji bangsa. Pon kitu, nurutkeun Adiwidjaja dina (Nurhamzah, 2017, kc, 67) dina tri-silas ieu miboga unsur-unsur atawa makna nu nyampak anu raket patalina jeung kahirupan masarakat, hususna di Tatar Sunda. Anapon unsur-unsur nu nyampak dina silih asah, silih asih, jeung silih asuh miboga ma'na di antarana nya éta:

Tabél 2.1

Harti atawa Unsur dina Silih Asah, Silih Asih, jeung Silih Asuh

No.	Silih Asah	Silih Asih	Silih Asuh
1.	Boga sumanget jeung kahayang	Gawé	Kasadarajatan

Yanti Tianawati_2024

KASENIAN BANGRENG DI KACAMATAN CILAWU KABUPATEN GARUT (Ulukan Struktural, Sémiotik, jeung Étnopédagogi)

Universitas Pendidikan Indonesia | repositori.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

2.	Mampuh ngadalian diri	Aktif	Ngahargaan
3.	Alat keur ngahontal tujuan	Rukun gawé	Kaiklasan
4.	Métode	Ayana dédikasi	Bakorban
5.	Sabar	Bisa badami	Mikawanoh diri pribadi
6.	Bruk-brak	Disiplin	Kajujuran
7.	Ngatur	Ngabagikeun tanggung jawab	Ngatur
8.	Kajujuran	Sabar	Sinatria
9.	Garapan nu lumangsung terus	Ajén jeung tujuan	Régenerasi
10.	Ngaropéa	Pangorbanan	Panghormatan
11.	Kréatifitas	Eksprési diri	Kaderisasi
12.	Inovatif	Réalitas hirup	Pangakuan
13.	Méré pangajén	Ayana kajujuran	Kaweningan haté
14.	Wani diuji	Rasa sugema tina hasil gawé bareng	Tanggung jawab
15.	Proaktif	Rasa kaéndahan	Rasa sauyunan
16.	Bajoang	Sakapeung nimbulkeun kapeurih tapi bisa disanghareupan	
17.	Kualitas diri	Asih téh mikabutuh waragad	
18.	Komunikasi		
19.	Sinérgik		

Gapura Panca Waluya, mangrupa gerbang kawalayaan manusa ngaliwatan atikan jeung pangajaran ngaliwatan gapura nu Cageur, Bageur, Bener, Pinter, Singer. Oriéntasi étnopédagogi kasundaan ogé miboga tujuan nyiptakeun manusa nu miboga moral jeung karakter nu tuhu ka hukum agama, hukum adat, jeung hukum nagarana (ceuk agama jeung darigama). Di antarana nyaéta ajén moral manusa ka Gusti, moral manusa ka pribadi, moral manusa ka papada, moral manusa ka alam, moral manusa ka waktu, Moral manusa dina ngahontal lahiriah jeung batinhiah (Sudaryat, 2015, kc, 126).

2.4.1 Nilai Étnopédagogi dina Kasenian Tradisional

Étnopédagogi kasundaan mangrupa eunteungeun, pangajaran, atawa ajén atikan nu museur kana kaarifan lokal anu tumuwuh di tatar Sunda. Nilai ieu bisa

diguar dina sagalaning unsur kabudayaan, salah sahijina nyaéta kasenian. Dina hal ieu kasenian tradisional anu geus tinangtu leuwih ngutamakeun ajén kaarifan lokal sacara turun-tumurun euyeub ku nilai étnopédagogi kasundaan.

Ieu hal lantaran kasenian tradisional mangrupa karya karsa manu generasi saméméhna, tur dipolah ti generasi ka generasi, anu geus tangtu bakal aya ajén-inajén kaarifan lokal Sunda anu nyangkaruk dina kasenian tradisional. Sagédéngun ti éta, kasenian tradisional ieu asalna ti tatar Sunda, samisalna kasenian bangréng, anu dipolah ngaliwatan sababaraha périodeu ti mimiti kasenian terebang, gembyung, tug nepi ka ayeuna disebut kasenian bangréng.

Dina kasenian tradisional ieu nu baris diguar datana ngeunaan étnopédagogi kasundaan ngawengku kana alat/bahan, ogé panglengkep dina kasenian bangréng. Saupama ditilik kasenian bangréng ieu bisa diguar ngagunakeun kacamata étnopédagogi kasundaan. Ieu hal lantaran seni tradisional leuwih ngutamakeun kana nilai-nilai nu geus pakem dumasar kana kasang tukang budaya.

2.5 Panalungtikan Saméméhna

Ieu panalungtikan museurkeun ulikanana kana strukturalisme pamarekan Lévi Strauss, katur sémiotika Pierce. Anapon panalungtikan-panalungtikan nu pakait jeung ieu panalungtikan sacara objék panalungtikanana, nyaéta:

Nilai Budaya Balutan Kasenian Bangreng, Ria Intani T ; Rusmalinda, Linda (2017). Panalungtikan nu dilakonon ku Inatani mangrupa panalungtikan kualitatif kalayan objék panalungtikanana nyaéta kasenian bangréng. Panalungtikan Intani ieu ngahasilkeun déskripsi tina kasenian bangréng nu miboga fungsi salaku média hiburan disagédéngun fungsi spiritualitas masarakat. Panalungtikan ieu dijadikeun panalungtikan saméméhna lantaran miboga objék panalungtikan nu sarua nyaéta kasenian bangréng.

Ajén Budaya Dina Kasenian Bangréng Di Kacamatan Cilawu Kabupatén Garut Pikeun Bahan Pangajaran Maca Kelas XI (2020). Panalungtikan ieu miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun sajarah kaseniang bangréng, ajén budaya kasenian bangréng, laju hasil panalungtikanna digunakeun pikeun bahan pangajaran maca


artikel di SMA kelas XI dina ieu panalungtikan nu jadi kasaruaan nyaéta objék panalungtikanana.

Estetika Tari pada Jenis Kesenian Bangréng di Sumedang, Sopian Hadi Dan Lili Suparli (2019). Ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngaguar perkara éstétika dina kasenian bangréng, khususna éstétika seni tari. Anapon hasil tina ieu panalungtikan nyaéta hiji konsep “Nayub dina Bangreng” nu ngawengku kana Ibing Nyerimpi, Ibing Patokan, Tayub Rakyat, dan Tayub Balandongan. Ieu panalungtikan perelu dijadikeun panalungtikan saméméhna lantaran pakait jeung objék panalungtikan nu sarua, katut bahasan éstétika gerak dina ieu panalungtikan saeutik gedéna mangaruhan kana bahasan fungsi jeung struktur kasenian tradisional.

Perubahan Struktur Penyajian Dan Fungsi Seni Bangreng Pada Lingkung Seni Giri Asih Di Kecamatan Salawu (Asyifa Gustia Noer, 2019, kc, 87). Panalungtikan ieu miboga tujuan ngadéskripsikeun robahna struktur penyajian, katut robahna fungsi tina kasenian bangréng di Kecamatan Salawu. Hasil tina panalungtikan ieu pakait jeung kamekaran kasenian bangréng nu ngakar tina kasenian gembyung, anu antugna ngahasilkeun periodisasi dina kasenian bangréng.

2.6 Raraga Mikir


Raraga mikir mangrupa alur logika dina ngalalakon panalungtikan, sedengkeun fungsina nyaéta ngarojong panalungtik sangkan boga patokan dina ngajalankeun panalungtikana. Dina ieu panalungtikan, hal mimiti sabada meunangkeun data nu ku panalungtik lakonan nyaéta ngolah data, laju nganalisis struktur kasenian bangréng, laju nganalisis sémiotikan. Anapon dina ieu panalungtikan, raraga mikir bisa digambarkeun ngaliwatan ieu pola di handap:



Yanti Tianawati_2024

KASENIAN BANGRÉNG DI KACAMATAN CILAWU KABUPATEN GARUT (Ulukan Struktural, Sémiotik, jeung Étnopédagogi)

Universitas Pendidikan Indonesia | repositori.upi.edu | perpustakaan.upi.edu



Bagan 2.2 Raraga Mikir